



# early steps

Early Steps bay sèvis pou tibebe ak jèn timoun, ki poko gen laj 3 zan, epi ki gen andikap oswa reta nan devlopman yo. Nou ede fanmi yo baze sou pwèn fò endividyèl pitit yo epi nou bay yo sipò pou satisfè bezwen inik pitit yo. Sèvis yo ap sipòte timoun ki nan kominote kote y ap **viv, aprann ak jwe.**

## **POU KISA SÈVIS NOU YO ENPÒTAN?**

Rechèch yo fè montre premye eksperyans timoun yo jwe yon wòl ki enpòtan anpil nan devlopman sèvo yo.

## **FRÈ POU PEYE EARLY STEPS**

Pa gen kondisyon dapre revni pou kalifye pou pwogram nan. Nou p ap fè fanmi yo peye lajan pou sèvis yo.

## **VALÈ FONDAMANTAL**

**Chak timoun diferan.**

**Bezwen chak fanmi diferan.**

**Entèvansyon bonè travay pi byen lè fanmi an jwenn sipò nan satisfè bezwen pitit li.**

**Paran an, fanmi an oswa moun k ap bay swen an se pi bon pwofesè timoun nan.**

**Lonè pou pwèn fò, kwayans, kilti ak valè yon fanmi.**

**Timoun yo aprann pi byen nan anvivònman ki gen tout timoun ladan.**





**Sèvis yo baze sou pwèn fò ak bezwen timoun yo epi yo ka gen ladan:**

**Aparèy Teknoloji Asistans**

**Sèvis Odyoloji**

**Sèvis Konpòtmantal**

**Antrènman Fanmi ak Vizit nan Kay**

**Ègoterapi, Terapi Fizik oswa Òtofooni**

**Kouwòdinasyon Sèvis**

**Sèvis Swen Zye**

**Lòt Sèvis ki Adapte pou Chak Timoun Apa**

**Fanmi yo konnen pitit yo pi byen epi yo se manm enpòtan nan pran desizyon sou bezwen pitit yo.**

**Nenpòt moun kapab refere youn timoun nan Early Steps.**

**Pou jwenn enfòmasyon rele jodi a oswa ale sou sitwèb nou.**

**1-800-218-0001 ♦ [www.earlystepsdirectory.com](http://www.earlystepsdirectory.com)**